

Nòt Oryantasyon pou Sipò Sante Mantal ak Sipò Siko-sosyal Repons-Dijans pou Tranblemanntè Ayiti – Janvye 2010

Deklarasyon sa a montre pwendvi divès ajans *Interagency Standing Committee (IASC) Mental Health and Psychosocial Support (MHPSS) Reference Group* reprezante nan repons pou kriz Ayiti a ¹. Oryantasyon sa a baze sou *IASC Mental Health and Psychosocial Support Guidelines in Emergency Settings*² epitou li konsantre sou aspè Gid ki enpòtan sitou pou repons y ap bay an Ayiti a. Li baze tou sou konesans ak eksperyans repons MHPSS nan ijans anvan yo, tankou repons radmare 2004 la ak kriz Gaza 2009 la.

Sipò sante mantal ak sipò sikolojik byen entegre ki devlope sou kapasite ki egziste ak nòm kiltirèl rive jwenn plis moun epitou yo gen plis chans pou kontinye lè èd imanité a sispann. Anjeneral, entèvansyon enpòtan MHPSS sòti sou plan lokal epi yo tonbe kat (4) kategori ki endike anba la yo, ki reprezante nan “piramid entèvansyon” an, epi ki dekri annapre nan paj 3-6:

- Konsiderasyon sosyal nan sèvis ak sekirite debaz
- Ranfòsman sipò pou kominote a ak sipò pou fanmi yo
- Sipò detèmine ki pa espesyalize
- Sèvis espesyalize

Yo pa konsidere manm kominote ki afekte yo kòm benefisyè pasif men kòm aktè ki posede byen ak resous. Etranje ki respekte moun ki afekte nan dezaz la nan diferan fason ofri sipò a tou nan kominote a. Li rekòmande yo mete anplas yon sistèm sipò konplemantè ki dispoze an kouch jan yo eksprime sa nan “piramid entèvansyon” an.

Entwodiksyon

Nan dat 12 janvye 2010, yon tranblemanntè ak plizyè replik te frape kapital la ak zòn sou kote li yo an Ayiti. Sa te lakòz apeprè 3,000,000 moun gen bezwen asistans imanité. Nan moman latwoublay, anpil moun montre kokennchenn detèminasyon yo epitou yo kapab siviv byen. Anmenmtan, kriz la te deja agrave moun ki te deja trè frajil yo ak pwoblèm anpil Ayisyen yo genyen. Pami pwoblèm sa yo genyen yon kontèks nasyonal fòse, ensekirite politik alontèm ak konsekans plizyè dezaz natirèl ki te pase nan dènye ane yo.

Aprè tranblemanntè a an Ayiti, sèvis lapolis, sèvis legal, sèvis sante, sèvis edikasyon ak sèvis sosyal te boulvèse; anpil moun te deplase epi pifò ki rete pa nan pozisyon pou travay ak re-kòmanse lavi yo. Ayiti ap fè eksperyans konsekans jeneral gwo kriz kote anpil moun pèdi lavi yo, epi fanmi yo ak kominote yo separe, sèvis debaz yo detwi, boulvèse oswa akable, epitou pwosesis pwoteksyon enfòmèl la vin fèb. Sa afekte fason moun yo ak kominote anmezi pou reponn nan kriz la, epitou sa genyen konsekans pou repons imanité yo mete anplas la. Moun yo bezwen sekirite, sèvis debaz tankou swen sante, sipò sikolojik ak sipò sosyal, ak reparasyon legal. Founisè tout sèvis sa yo dwe konnen sa y ap fè a, kalifye ak konpatisan.

¹ Action Contre la Faim (ACF), Church of Sweden, Global Psycho-Social Initiative (GPSI), InterAction (through: American Red Cross (ARC), Christian Children's Fund (CCF), International Catholic Migration Commission (ICMC), International Medical Corps (IMC), International Rescue Committee (IRC), Mercy Corps, Save the Children USA (SC-USA)), Inter-Agency Network for Education in Emergencies (INEE), International Council of Voluntary Agencies (ICVA) (through: Action Aid International, CARE Austria, HealthNet-TPO, Médicos del Mundo (MdM-Spain), Médecins Sans Frontières Holland, (MSF-Holland), Oxfam GB, Refugees Education Trust (RET), Save the Children UK (SC-UK)), International Federation of Red Cross and Red Crescent Societies (IFRC), International Organization for Migration (IOM), Office for the Coordination of Humanitarian Affairs (OCHA), PLAN International (PLAN), Queen Margaret University, Institute of International Health and Development (IIHD), Regional Psychosocial Support Initiative for Children (REPSSI), Terre des hommes (Tdh), United Nations Children's Fund (UNICEF), United Nations High Commissioner for Refugees (UNHCR), United Nations Population Fund (UNFPA), United Nations Relief and Works Agency (UNRWA), War Trauma Foundation (WTF), World Food Programme (WFP), World Health Organization (WHO/PAHO), World Vision International (WVI).

² Inter-Agency Standing Committee (IASC) (2007). IASC Guidelines on Mental Health and Psychosocial Support in Emergency Settings. Geneva: IASC.

Objektif Nòt Oryantasyon an

Nòt oryantasyon sa a pa dezilyen pou travayè ak volontè sekou jeneral yo, travayè swen sante ak travayè pwoteksyon, manadjè pwogram, ak nenpòt lòt manm pèsònèl k ap ede moun ki afekte nan tranblemanntè Ayiti a. Yo ofri oryantasyon sa a pou òganizasyon k ap travay an Ayiti sou fason yo kapab kominike yon fason ki efikas avèk kominote yo, manm pèsònèl yo ak medya yo. Nòt oryantasyon an konsantre sitou sou etap enpòtan repons lan (tankou redrèsman bonè), epitou li ofri oryantasyon debaz pou fè aksyon. Tanpri itilize Gid IASC pou jwenn plis enfòmasyon detaye sou repons apwopriye nan tout sektè yo.

Yo itilize tèm konpoze sipò pou sante mantal ak sipò siko-sosyal (MHPSS) pou dekri nenpòt kalite sipò lokal oswa eksteryè ki vize pou pwoteje oswa pou ankouraje byennèt sikolojik ak/oswa pou anpeche oswa pou trete twoub mantal³. Tèm “siko-sosyal” gen pou wè ak relasyon dinamik ki egziste ant efè sikolojik ak efè sosyal, chak kominike youn ak lòt epi youn enflyanse lòt. “Efè siko-sosyal” se efè ki afekte diferan aspè fonksyonman endividyèl tankou efè koyitif (pèsepsyon ak memwa kòm yon baz pou panse ak aprantisaj), efè afektif (emosyon), efè fizik ak efè konpòtmantal. :Efè sosyal: gen pou wè ak chanjman nan relasyon, rezo fanmi ak kominote, ak sitiyasyon ekonomik. Tèm konpoze MHPSS sèvi pou ini divès apwòch diferan aktè konsantre sou yo nan repons-dijans. Li vize pou konsantre sou bezwen pou apwòch divès ak konplèmantè nan ofri sipò apwopriye pou moun ki afekte an Ayiti yo.

Nan kriz Ayiti a, anpil moun vle bay èd yo. Yo dwe bay priyorite pou idantifye ak sipòte anplwaye kalifye MHPSS yo an Ayiti. Lòt pwofesyonèl MHPSS yo ta dwe ale an Ayiti sèlman pou ede si:

- Yo jwenn envitasyon yon òganizasyon lokal oswa entènasyonal ki baze an Ayiti ak si yo fè yon akò sou wòl yo
- Yo genyen yon konpreyansyon debaz nan gig IASC MHPSS ak nan apwòch ki rekòmande yo
- Yo konnen kontèks ayisyen an oswa yo gen eksperyans nan repons pou katastwòf deyò pwòp kontèks kiltirèl yo
- Yo resevwa yon oryantasyon debaz sou kontèks la tankou sitiyasyon ki an Ayiti a anvan ak apre katastwòf la
- Yo kapab travay nan lang Franse ak/oswa Kreyòl (avèk èd entèprèt tou)

Entwodiksyon

Malgre detrès ak chagren jeneral, oto-redrèsman ak detèminasyon se nòm ki anfas dezaz yo. Gravite tranblemanntè a te afekte prèske tout moun. Pou pifò moun ki nan popilasyon an, boulvèsman ak estrès dezaz natirèl sa a ap lakòz yon repons nòmal detrès emosyonèl entans. Men, yon pati nan popilasyon an pral genyen detrès mantal k ap pèsiste epi k ap depase pwopòsyon nan sa yo prevwa a. Sitiyasyon sa a limite kapasite pou fonksyone epitou sa ka lakòz twoub mantal.

Reyaksyon nòmal nan kriz la gen ladan, men pa sèlman:

- chagren, tristès, dezespwa ak yon sansasyon akable
- difikilte emosyonèl tankou enkyetid, laperèz, kòlè, kilpabilite
- pwoblèm konpòtmantal tankou mank konsantrasyon, risk pou itilize plis vyolans oswa itilizasyon alkòl ak dwòg nan kominote yo.
- pwoblèm sosyal tankou izòlman, tansyon oswa vyolans nan fanmi yo, plis laperèz angwoup, kòl ak fristrasyon konsènan èd imanité a
- ogmantasyon nan tansyon ak vyolans sosyal nan kominote yo akòz bezwen debaz yo ki pa satisfè, mank lòd piblik, oswa difikilte pou asire yo ofri asistans lan nan bon moman ak yon manyè san patipri.

Yo ta dwe rekonèt moun ki genyen reyaksyon grav sa yo epi yo ta dwe bay repons pou yo:

- moun ki dezoryante (pa egzanp, yo pa konnen kote yo ye)

³ IASC, 2007; p.1.

- moun ki pa reponn nan konvèsasyon
- moun ki mete tèt yo oswa lòt moun andanje
- moun ki menase pou fèt yo oswa lòt moun mal
- moun ki pa anmezi pou fè aktivite debaz lavi toulejou (sètadi, mache, pale, abiye, manje).

Moun ki fè eksperyans emosyon ki nòmal epoutan ki entans pa nesèsman bezwen asistans sante mantal klinik imedyat. Si moun yo jwenn aksè nan sèvis debaz yo, tankouabri, dlo ak manje nan yon manyè ki montre diyite, premye èd siko-sosyal, sipò kominote ak sipò fanmi ak enfòmasyon san rete sou repons sekou a sa ap ede yo soulaje detès la. Yo ta dwe bay kominote yo mesaj klè konsènan estrateji pozitif pou yo siviv, tankou pase tan avèk fanmi, retounen nan aktivite nòmal, manje ak dòmi jan yo kapab, epitou evite konsome twòp alkòl ak dwòg.

Moun yo gen dwa pou jwenn aksè nan asistans sekou ak resevwa asistans sekou a (pa egzanzp, èd manje ak atik ki ka alimantè) nan yon manyè ki montre diyite ki pa konpwomèt sekirite ak byennèt yo. Kèlkeswa lè yo planifye ak fè distribisyon sekou yo, yo ta dwe pran etap pou pèmèt popilasyon lokal yo ede òganize distribisyon èd la epitou pou yo vin aktè ki gen dwa. Lè pèp ayisyen an bay èd pou òganize sekou a sa ap pèmèt yo re-jwenn yon sans kontwòl apre eksperyans akablan yo. Òganizasyon k ap ofri asistans sa a ta dwe asire aksè pou gwoup ki eskli yo, respekte konviksyon ak pratik dyetetik yo nan limit ki posib, fè atansyon ak nòm sèks ak wòl fanmi yo, epi omwen asire mezi sekirite toutotou distribisyon ki minimize risk pou dezòd ak goumen pami moun k ap resevwa èd yo.

Pou jwenn yon gid rapid sou sa yo konnen nan sipò kiltirèl, sipò kominote ak sipò fanmi an Ayiti, al gade Nicolas, G., Schwartz, B., & Pierre, E. (2009). Siviv nan siklòn nan tankou Banbou: Pwen Fò Ayisyen yo pou Siviv nan Dezas Natirèl. Nan A. Kalayjian, D. Eugene, & G. Reyes (Ed.) *International handbook of emotional healing: ritual and practices for resilience after mass trauma*. Westport, CT: Greenwood Publishing Group, Inc. W ap jwenn chapit sa a sou Entènèt nan sit wèb: <http://education.miami.edu/News/pdfs/Haiti.pdf>

Nan kontèks tranblemanntè Ayiti a, plizyè frajilite afekte byennèt siko-sosyal ak kapasite pou fonksyone. Evalyasyon detaye yo ap idantifye sitou moun ki frajil yo; men yo prevwa bezwen sèten gwoup yo ap vin yon priyorite kle.

Mou ki gen reyaksyon grav. Moun ki gen kalite reyaksyon sa yo bezwen jwenn rekòmandasyon nan yon sèvis sante, oswa si genyen, nan yon sèvis sante mantal. Kote li posib, moun ki genyen reyaksyon grav yo bezwen rete lwen zòn ki danjere yo; yo bezwen jwenn pwoteksyon ak swen.

Timoun yo. Paran yo konsène souvan pou konpòtman ak repons pitit yo. Pifò timoun ak adolesan ki afekte nan destwiksyon an ap montre dabò siy detès sikolojik, tankou memwa evènman, kochma, kèk retrè sosyal, difikilte pou konsantrè epi pafwa diminisyon nan konpòtman devlopmantral anvan yo, tankou tenasite, enirezi (pipi nan kabann) oswa souse dwèt pous. Pifò timoun ak adolesan ap vin gen fonksyonman nòmal ankò depi yo jwenn satisfaksyon po bezwen debaz pou yo siviv, vin genyen pwoteksyon ak sekirite ankò, epi aktivite regilye, tankou jwe ak edikasyon retounen ankò. Sa ki pi enpòtan, y ap reponn pi byen lè yo angaje nan yon kontèks fanmi, kote y ap jwenn swen ak pwoteksyon apwopriye travayè sosyal regilye yo, epitou y ap santi yo se yon manm nan kominote yo. Answit, timoun yo kopye souvan sou repons paran yo nan sitiyaasyon yo. Kidonk, yon paran ki nan detès ta ka vin yon priyorite paske sa ap ankouraje yo pou pi byen sipòte pitit yo.

Yo ta dwe evite separasyon timoun yo ak paran yo ak travayè sosyal yo kèlkeswa lè sa posib (menm pandan tretman medikal), epitou yo ta dwe jwenn kote tout moun ye pou reyini yo. Yo ta dwe fè tout sa ki posib pou evite separasyon, tankou asire yo ofri dlo, manje ak swen fanmi pou manm fanmi yo ansanm, ankouraje manm fanmi yo pou yo rete ansanm. Asire moun ki vèf/vèv yo, granmoun aje, manman ki trè jenn yo ak lòt fanmi ki frajil yo jwenn sipò pou yo kapab kontinye pran swen pitit yo.

Fanm ak ti-fi yo. Nan yon peyi kote anpil fanm ak ti-fi deja ekspozè nan vyolans seksyèl ak lòt fòm vyolans ki baze sou sèks (GBV), gen chans pou sèten fòm GBV ogmante byen vit apre tranblemanntè a nan nivo kominote a ak nan anviwònman kan yo. Pou sove lavi ak pou bay plis pwoteksyon, yo dwe

òganize omwen yon seri aktivite nan yon mannyè ki òganize (al gade Gid IASC sou Vyolans ki Baze sou Sèks) pou satisfè bezwen timoun ak fanm yo nan premye etap repons-dijans lan, sitou pou sa ki pi frajil nan danje k ap kontinye yo.

Moun ki izole yo. Timoun ki separe yo, vèf/vèv yo, granmoun aje yo oswa lòt moun ki san fanmi yo se moun ki sitou frajil nan divès abi ak nan pi gwo pwoblèm ajisteman. Yo ta dwe idantifye yo, sipòte yo ak ba yo aksè nan tout aktivite yo pou fè yo antre pi fasil nan rezo sosyal yo.

Moun ki nan enstitisyon yo (mezon retrèt, lopital mantal, mezon pou granmoun aje ak òfelina). Yo ta dwe fè vizit ladan yo, yo ta dwe satisfè bezwen debaz yo epitou yo ta dwe toujou resevwa sipò, swen ak pwoteksyon.

Adilt ak timoun ki gen andikap oswa ki gen bezwen espesyal. Yo ta dwe fè vizit ladan yo, yo ta dwe satisfè bezwen debaz yo epitou yo ta dwe toujou resevwa sipò, swen ak pwoteksyon.

Adilt ak timoun ki gen twoub mantal ak twoub newo-sikyatrik anvan. Souvan yo t ap resevwa medikaman (pa egzanp, epilepsi oswa sikoz) epitou yo frajil sitou pou yo vin deprime akòz boulvèsman medikaman yo ak posib deplasman rezo sipò sosyal yo. Yo ta dwe fè efò pou rekòmanse ba yo swen ki apwopriye ak ofri yon estòk medikaman san rete.

Kouwòdinasyon aktivite MHPSS


Li enpòtan pou tout moun yo, ajans lokal ak ajans entènasyonal yo swiv yon repons kouwòdone nan bezwen ak entèvansyon MHPSS. Sa diminye konsekans moun ki afekte ki evalye yon fason initil pou bezwen MHPSS plizyè fwa, epitou sa asire yo kapab konble mank ki nan efò MHPSS yo pi vit. Answit, sa asire òganizasyon kouvèti k ap travay avèk MHPSS ak divès nivo entèvansyon okipe teren an pi byen. Kouwòdinasyon ki pi efikas la genyen ladan yon apwòch multi-sektoryèl nan MHPSS, ki gen pou wè ak yon bon repons MHPSS gras ak sektè sante, sektè pwoteksyon ak sektè edikasyon, epitou kote lòt sektè yo (pa egzanp, abri ak lavaj) kapab jwenn sipò pou òganize aktivite nan fason pou ankouraje sante mantal ak byennèt. Se Gwoupman enpòtan yo ki gen responsablite pou aktivite MHPSS yo.

Pou repons Ayiti a, y ap kreye yon gwoup travay MHPSS nan sistèm Gwoupman an. Gwoup travay MHPSS ankouraje evalyasyon komen, divilgasyon enfòmasyon ak katografi divès entèvansyon òganizasyon ki reponn yo mete annaplikasyon, planifikasyon ak amonizasyon aksyon MHPSS, tankou fòmasyon ak sipò. Sa ankouraje aplikasyon entèvansyon ki respekte nòm ki dekri nan Gid IASC. Gwoup travay la rekòmande pou sèvis lokal yo patisipe nan repons lan, sa k ap pèmèt yon enfrastriki MHPSS dire pandan alontèm.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kouwòdinasyon an, al gade “Haiti MHPSS group” nan sit wèb ki anba la a: www.psychosocialnetwork.net

Entèvansyon kle

Prensip debaz Gid IASC baze nan dwa moun ak ekite, patisipasyon kominote, yon estrikti ki pa nui pèsòn, ki deziyen pou itilize avèk efikasite resous ak kapasite kominotè ki egziste deja ak devlopman sistèm sipò entegre ki dispoze an plizyè kouch pou popilasyon ki afekte yo. Li enpòtan pou asire swen siko-sosyal aplike nan yon apwòch konplèmantè, entegre ak multi-sektoryèl. Sèvis otonòm yo dirab raman, yo lakòz sikatris ak mòso ki deja separe sistèm swen yo.



1. Sèvis ak sekirite debaz

Asire aksè nan bezwen ak sekirite debaz. Byennèt siko-sosyal ak sante mantal egzije aksè nan divès kalite bezwen debaz: manje, abri, sibstans, pwoteksyon ak sèvis swen sante ak edikasyon. Aksè nan asistans imanitè pou popilasyon ki afekte a nesèsè yon fason ki ijan. Yo ta dwe bay tout asistans lan nan yon manyè ki amelyore alapas yon manyè ki boulvèse byennèt siko-sosyal, epi ki asire diyite ak patisipasyon popilasyon afekte a nan nenpòt asistans yo ofri. Tout pwofesyonèl k ap travay avèk popilasyon ki afekte a ta dwe genyen yon konpreyansyon debaz sou fason pou yo kominike avèk popilasyon ki afekte nan dezaz la ak kilti ayisyen an. Aktè MHPSS yo ta dwe travay avèk lòt sektè yo pou jwenn fason pou ofri asistans lan nan manyè ki sipòte byennèt siko-sosyal (tankou nan sipò, misyon komen sou teren oswa planifikasyon, oryantasyon, elatriye).

Rekòmandasyon pou jesyon pridan kadav yo. Pou fè pwosesis dèy la vin pi fasil, kèlkeswa lè li posib, yo dwe idantifye kadav posib yo pou moun yo vin sèten moun ki mouri a se moun pa yo, epitou pou prevwa rityèl lanmò ak antèman. Yo ta dwe rezève espas ak tan pou rityèl sa yo ak pou antèman ki apwopriye nan kontèks la. Yo pa ta dwe antere okenn kadav san chante antèman, epitou yo ta dwe sipòte ak fasilite fanmi yo nan jwenn mwayen pou antere oswa ensinere manm fanmi yo dapre koutim tradisyonèl. Medya ta dwe fè repòtaj sou kadav yo avèk respè epi jan sa apwopriye. Tout moun konnen kadav toujou lakòz maladi nan dezaz natirèl. Li pi enpòtan toujou pou asire manm fanmi yo idantifye kadav moun pa yo pase pou antere kadav sa yo prese-prese. Moun k ap ofri asistans yo ta dwe konprann ak respekte fason ki apwopriye sou plan kiltirèl pou timoun ak adilt kriye pou mò yo; sa depannde kilti, laj timoun yo, sèks yo ak diferans endividyèl.

Ofri enfòmasyon ki fyab ak egzat. Kominote ak moun ki afekte yo kapab gen anpil dezi pou konnen sa ki te pase a, sa ki ka pase ansuit, kote yo prale, kimoun k ap fè sa pou yo, ki chwa yo genyen, ak kote yo kapab jwenn lòt enfòmasyon. Aksè nan enfòmasyon se yon dwa epitou sa diminye enkyetid ak detès yon fason initil. Yo ta dwe bay enfòmasyon sou kalite ak echèl ijans lan, sou efò pou kreye abri ak swen pou popilasyon an, sou kalite espesifik aktivite sekou otorite lokal ak òganizasyon èd yo ap òganize, epitou yo ta dwe fè moun yo konnen kote aktivite yo ye. Divilgasyon enfòmasyon yo ta dwe fèt selon prensip kominikasyon risk: pa egzanp, li ta dwe senp (fasil pou timoun 12 zan ki nan zòn lan konprann).

2. Sipò pou kominote ak sipò pou fanmi

Si yo satisfè bezwen debaz popilasyon an, pifò moun yo ap vin gen sante ak byennèt mantal yo depi yo re-konekte avèk kominote nòmal yo ak sistèm sipò pou fanmi yo.

Fasilite aksè nan sipò relijye ak kiltirèl apwopriye, avèk aktivite dèy tou. Pou kèk moun, patisipasyon nan pratik relijye oswa pratik kiltirèl tradisyonèl genyen yon efè kalman, epitou sa ofri yon sans konpreyansyon ak pèspektiv konsènan sityasyon yo. Answit, si popilasyon an jwenn opòtinite pou salye memwa yon moun ki mouri nan yon fason ki aksepte sou plan kiltirèl, sa ap ede moun yo geri nan chagren yo, epi anjeneral chagren lòt moun ki nan fanmi yo oswa kominote yo. Moun k ap ofri asistans pou fanmi ak timoun ta dwe konprann ak respekte fason ki apwopriye sou plan kiltirèl kote dèy la fèt la; sa depannde kilti, laj timoun yo, sèks yo ak diferans endividyèl.

Asire patisipasyon ak konsiltasyon. Sa pa sèlman pratik imanità ki kòrèk ak bon, men tou se yon lòt fason pou kominote yo vin gen dwa pou satisfè pwòp bezwen yo ak bezwen fanmi yo ak kominote yo. Sa ka pèmèt sipò pou fanmi ak kominote yo vin amelyore. Yon egzanp se modèlabri ki adapte avèk espas pou timoun, fanmi, gwoup kominote ki gen enterè komen, espas relijye, pratik kuizyon tradisyonèl, elatriye.

Asire yo re-mete souplais woutin ak aktivite nòmal yo. Sa ede ofri yon sans kontwòl ak previzibilite pou moun yo. Pami fason pou re-mete souplais woutin ak aktivite yo genyen kreyasyon apwopriye opòtinite edikasyon fòmèl ak enfòmèl, espas pou timoun yo jwe san pwoblèm epitou ankouraje founisè adilt ak fanmi yo pou angaje nan travay, retablisman sibstans, oswa patisipasyon nan efò sekou. Aktivite detèmine enpòtan sitou pou adolesan yo.

Maksimize opòtinite pou gwoup moun pou yo reyini. Lè yo asosye gwoup yo avèk bezwen, enterè oswa laj sanblab (pa egzanp jenn yo) pou lwazi, pwodiksyon oswa aktivite ki asosye ak sekou, rezo sosyal vin fòme nan mitan kominote yo. Gwoup sa yo ap divilge enfòmasyon ak resous youn ba lòt, ede moun yo epi angaje youn avèk lòt pou ankouraje estrateji tradisyonèl ak pozitif pou siviv.

Ofri swen pou manm pèsònèl la. Pwofesyonèl ki nan gouvènman an ak sosyete sivil la ak manm pèsònèl òganizasyon entènasyonal ki te la anvan ijans la afekte anpil nan kriz sa a. Yon priyorite ki enpòtan se bay sipò ki apwopriye ak nan bon moman pou pwofesyonèl yo. Sa ta dwe baze sou oryantasyon ki nan Fèy Aksyon 4.4 gid IASC MHPSS. Answit, manm pèsònèl lokal ak entènasyonal k ap ofri sekou ak asistans pou ijans kapab afekte tou, epi yo ka bezwen menm sipò a.

Ofri enfòmasyon sou pwosesis pozitif pou siviv. Li enpòtan pou kominote yo jwenn enfòmasyon sou pwosesis efikas pou siviv. Enfòmasyon sa yo ta dwe rekonèt soufrans lan, men yo ta dwe konsantre sou fason pozitif pou siviv avèk dezas la. Yo ta dwe baze sou metòd lokal pou siviv ak eksperyans nan lòt dezas sou fason ki efikas pou siviv. Yo ta dwe amonize nan tout òganizasyon yo pou evite mesaj kontradiktwa oswa ki ka nuizib pou kominote a. Al gade seksyon ki anba la a ki genyen mesaj rekòmandasyon kle pou kominote yo.

3. Sipò detèmine ki pa espesyalize

Alòske pifò moun rekòmanse ap fonksyone ak siviv bye ase si yo bezwen debaz yo satisfè ak si yo jwenn sipò nan kominote nòminal yo ak sipò pou fanmi yo, kèk moun bezwen entèkansyon ki detèmine ak estriktire ki pi byen fasilite byennèt emosyonèl ak mantal yo. Aktivite nan nivo entèkansyon sa a genyen ladan premye èd siko-sosyal (al gade ti bwat la), swen sante mantal debaz travayè swen sante primè ofri oswa jesyon dosye.

Seyans vèbalizasyon sikolojik – tankou seiyans vèbalizasyon estrès ensidan enpòtan – PA rekòmande. Yo te devlope entèkansyon sa a pou itilize nan gwoup kòlèg travay omojèn kote li pa efikas. Se yon entèkansyon ki ka nuizib lè li adapte pou sipò moun ki nan sitiyan dezas.

Menmsi terapi koyitif-konpòtmantal sipèvize kapab efikas, “konsèy pou twomatis” pa ta dwe nan pwèn kòmansman pou swen siko-sosyal nan nivo entèkansyon sa a. Aktivite estriktire ki amelyore sipò ki baze an komen, nòminalizasyon repons ak otorizasyon aktivite nan yon anviwònman pwoteje ap ede pifò moun geri apre yon sèten tan.

Premye èd sikolojik se yon èd ki senp, fasil pou montre epitou li gen pou wè ak yon apwòch pratik ak konpatisan ki baze sou pwèn sa yo:

A= Evalyasyon (evalyasyon pou sekirite, bezwen fizik ijan ki evidan, moun ki gen reyaksyon grav, epi bezwen ak enkyetid moun lan)

B= Montre ou (montre ou atantif, respektye ak okouran)

C= Konfò (Konfò gras ak prezans ou, gras ak bon Kominikasyon ak lè ou ede moun yo Siviv)

D= Fè (abòde bezwen pratik, ede rezoud pwoblèm, asosye moun avèk moun yo renmen ak sipò)

E= Estrateji pou Fini/Sòti (Fini pwòp asistans ou lè ou rekòmande moun lan nan lòt sipò jan sa nesèsè, Sispann pou pran tan pou tèt ou pou swen pèsònèl ou)

4. Sèvis espesyalize: entèkansyon sikolojik oswa sikyatrik

Kantite moun ki gen twoub mantal ki lejè ak modere (pa egzanp imè ak twoub enkyetid tankou twoub estrès pòs-twomatik) kapab double nan sitiyan dezas yo, epi yon ti pwopòsyon nan popilasyon adilt la ap soufri avèk twoub mantal grav. Dènye gwoup la bezwen swen sante mantal priyorite, epi se espesyalis ki ta dwe sipèvize oswa bay swen sa a. Anpil moun ki gen twoub mantal grav te gen twoub sa yo anvan ijans lan epi kondisyon yo vin pi grav akòz eksperyans yo ak manm bezwen ak sipò sosyal pandan ak apre ijans lan. Se yon gwoup ki ekstrèmman frajil. Yo dwe fè atansyon espesyal pou:

- Timoun oswa adilt ki te gen restriksyon fizik lakay fanmi yo oswa nenpòt kalite enstitisyon
- Moun k ap resevwa swen enstitisyonèl
- Moun ki sou medikaman alontèm
- Timoun oswa adilt ki gen twoub newo-sikyatrik anvan (tankou epilepsi) ki frajil pou vin pi grav nan eta yo ye a.
- Timoun oswa adilt ki gen twoub devlopmanmantal oswa reta mantal

Tout gwoup sa yo bezwen jwenn aksè nan swen kalifye oswa nan kreyasyon swen ijan kontini ki satisfè bezwen debaz yo epi ki respekte dwa yo. Yo ta dwe kreye swen sante mantal pou pasyan ki pa entèn nan lopital jeneral yo, pandan omwen yon manm pèsònèl ki nan chak swen sante mantal primè fiks oswa klinik mobil dwe genyen yon manm pèsònèl ki kalifye nan swen sante mantal. Si pa genyen swen sante mantal:

- Pa defèt oswa pa dechennen pasyan ki gen restriksyon fizik jouk yo te fè yon evalyasyon sikyatrik ak jwenn medikaman konvab jan sa nesèsè.
- Eseye asire kondisyon yo imen ak konfòtab sou plan fizik. Trete blesi ak maladi fizik yo. Asire aksè nan manje ak bwason.
- Idantifye yon founisè swen medikal ki konesans ase pou preskri sikotwòp, si sa nesèsè.
- Yo ta dwe evite sispansyon sikotwòp la toudenkou, sitou kalman majè yo, anti-depresè yo ak anti-konvilsivan yo, epitou sa ka trè nuizib nan ka anti-konvilsivan yo. Travayè swen sante premye liy ak sant medikal primè ki aksesib nan popilasyon ki deplase yo ta dwe asire toujou genyen yon estòk medikaman sa yo epi pou mete yo nan yon twous medikal ijan yo.

Pwogramasyon alontèm

Efè alontèm sou popilasyon ki afekte yo depannde nan fason y ap jere kriz la kounye a. Li enpòtan pou pran swen moun yo ak trete yo yon fason ki imen avèk diyite ak respè. Si w pa fè sa, sa ka lakòz kòlè ak fristrasyon k ap konpoze ak pwolonje nenpòt reyaksyon estrès. Moun yo gen mwens chans pou bezwen sipò pwofesyonèl endividyèl si yo anmezi pou satisfè bezwen debaz yo, ak si yo jwenn sipò moun ki nan antouraj yo san pèdi tan.

Yo ta dwe baze entèvansyon pi lontan avèk popilasyon ki deplase yo sou prensip ki anba la a:

- Evalyasyon bezwen ak sikonstans ekonomik espesifik
- Kolaborasyon avèk kominote a nan satisfè bezwen sa yo
- Atansyon espesyal pou minorite ak moun ki pi frajil nan kominote a
- Konte sou sipò sosyal ak resous fòmèl ak enfòmèl popilasyon yo genyen deja epi mobilize yo
- Yon konsantrasyon sou entèvansyon ki ankouraje rekonstwiksyon lavi nòmal ak re-entegrasyon nan sosyete a, kit se pou retounen nan sitiyasyon lavi anvan an oswa rekòmanse lavi a yon lòt kote.
- Aksè san rete nan sèvis ak sipò sosyal ak sikolojik ki fè pati nan estrikti kominote a ak nan sèvis debaz tankou edikasyon, sante ak byennèt sosyal, jan sa nesèsè
- Rekonstwi pi byen-pou kreye sèvis sante mantal kominotè ki dirab epi entegre swen sante mantal nan sèvis sante ki pa espesyalite pou fè fas avèk ogmantasyon kantite moun ki gen pwoblèm sante mantal.

Mesaj sipò kle pou medya ak òganizasyon imanità yo

Se yon espas komen pou ajans èd yo, medya yo ak rezo sipò yo pou reflechi sou konsekans sikolojik dezaz yo paske sa ede yo kominike konsekans imen jeneral kriz la ba lòt yo. Alòske li toujou enpòtan pou yo pa diminye nan mesaj sa yo, fason nou kominike enkyetid sa yo ba lòt yo, ak tèminoloji nou itilize, kapab swa ede oswa nuizib pou diyite ak respè pou timoun, adilt, fanmi ak kominote ki afekte nan dezaz la.

Pwoblèm sante mantal ak pwoblèm siko-sosyal nan ijans yo kouvri plis pase eksperyans twoub estrès pòs-twomatik (PTSD) oswa twomatis dezaz lakòz, depresyon ak enkyetid. Yon konsantrasyon selektif sou kalite pwoblèm sa yo pa konsidere anpil lòt pwoblèm sipò pou sante mantal ak pwoblèm siko-sosyal epitou li pa konsidere pwoblèm ki egziste deja ak byen ak resous kominote yo posede pou sipòte pwòp sante mantal yo ak byennèt siko-sosyal yo. Yon pwoblèm komen avèk kominikasyon sou sante mantal ak sou byennèt siko-sosyal deziyen pou pa konsidere resous sa yo ak pou konsantre sou defisi – pwèn fèb yo, soufrans ak patoloji. Li enpòtan pou montre egzakteman gwo detèminasyon resous sante mantal ak resous siko-sosyal moun yo, san diminye gravite sitiyasyon yo.

Lè w ap kominike avèk moun ki pa espesyalis, ou ta dwe itilize tèminoloji nan fason ki:

- Fasil pou konprann epi ki pa klinik
- Nòmalize reyaksyon komen nan sitiyasyon ki ekstrèman difisil
- Montre ak ranfòse kapasite moun yo pou yo jere ak metrize sitiyasyon difisil yo
- Rekonèt ak ranfòse pwosesis sipò sosyal ki egziste nan fanmi yo ak nan kominote yo
- Montre kalite kolektif ak estriktirèl kòz ak repons yo nan detrès la
- Otorize epi pa lakòz moun yo vin gen sikatris nan detrès la.

Egzanp rekòmandasyon (✓)	Egzanp tèm pou evite ⁴ (✗)
Detrès, chagren, toumante, oswa akable Pwoblèm sikolojik ak sosyal Pami altènativ yo, genyen: - Pwoblèm emosyonèl ak sosyal - Pwoblèm emosyonèl ak pwoblèm devlopmanal (pou timoun) - Ka ajoute tou deskripsyon tankou pwoblèm emosyonèl ak pwoblèm sosyal ki 'sevè oswa grav'. - Yo ka ranplase pwoblèm yo avèk mo ki sanble tankou 'konsekans, difikilte, reyaksyon' elatriye. - Pwoblèm sante mantal pou dekri moun ki gen reyaksyon ki pwolonje ak ekstrèm sou plan relatif Si li posib, li bon pou eksplike kijan pifò moun ap ekstrèmman fache men yon ti minorite ap genyen reyaksyon ekstrèm k ap lakòz yo pa anmezi pou fonksyone	Twomatis
Evènman ki bay laperèz/ki menase lavi moun/evènman terib/destwiksyon	Evènman twomatik
Detrès oswa estrès Konsekans sikolojik ak sosyal ijans yo	Twomatis
Reyaksyon nan sitiasyon difisil Siy detrès Pwoblèm	Sentòm
Timoun oswa adilt ki souffri detrès (avèk reyaksyon nòmal nan ijans/dezas) Timoun oswa adilt ki gen detrès grav (avèk reyaksyon ekstrèm oswa grav nan ijans)	Timoun ki twomatize oswa adilt ki twomatize
Maladi oswa twoub mantal Nòt: yo ta dwe itilize sa sèlman pou minorite popilasyon an ki genyen yon twoub mantal konfime, pa pou pifò moun nan popilasyon an ki gen reyaksyon nòmal	Fou, fache
Aktivite estriktire, sipò sosyal kominote elatriye Nòt: Sa gen pou wè ak sipò siko-sosyal kominote yo ofri oswa sipò detèmine ki pa espesyalize, pa sèvis espesyalize yo	Terapi, konsèy siko-sosyal, tretman
Sivivan	Viktim, malere, benefisyè

N ap mete mesaj sipò pou gwoup espesifik yo an Ayiti (pa egzanp, kominote yo, timoun yo, fanm yo, elatriye) sou sit wèb www.psychosocialnetwork.net

⁴ Egzanp tèm pou evite yo sof si manm pèsònèl ki kalifye nan swen sante mantal itilize yo yon fason ki pa apwopriye nan domèn teknik/klinik.

Anèks 1: Egzanp mesaj kle pou medya sou MHPSS ak pou timoun sou ijans an Ayiti a

- Timoun yo ak fanmi yo soufri anpil nan ijans sa a, epi yo boulvèse afon.
- Pou abòde pwoblèm sa a, timoun yo ak fanmi yo bezwen jwenn aksè nan manje,abri ak dlo nan yon manyè ki montre diyite san pèdi tan, ak aksè nan enfòmasyon sou kote yo ka jwenn asistans.
- Yo ta dwe bay priyorite pou mete sekirite souplas kote timoun yo ak fanmi yo rasanble epi pou kreye espas pwoteje pou timoun yo retounen nan aktivite regilye yo avèk sipèvizyon adilt yo san pèdi tan.
- Timoun yo ta dwe rete avèk fanmi yo, epi fanmi ak lòt moun ki gen kontak avèk timoun yo bezwen èd pou kontinye pran swen timoun yo ak pwoteje yo nan sikonstans difisil sa yo. Avèk bon sipò pou fanmi ak kominote a, pifò timoun ap anmezi pou kòmanse pwosesis gerizon yo.
- Men, kèk timoun ak travayè sosyal yo ap bezwen plis sipò espesyalize, epitou yo ta kreye sèvis pou moun sa yo.
- Kouwòdinasyon tout diferan kalite sèvis ak sipò sa yo enpòtan.